Нобэ КъБР-м щагъэлъапІэ Адыгэхэм я дунейпсо махуэмрэ Адыгэшым и дунейпсо махуэмрэ

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№181 (23.589) ● 2017 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 20, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КъБР-м и Іэтащхьэм УФ-м и Правительствэм и Унафэщ Іыр щыгъуазэ ищІащ мы гъэм и шыщхьэуІум Къэбэрдей-Балъкъэрым и бгылъэ щІыпІэхэм ятІэпс къызэрыщехам къиша къызэрымыкІуэ щытыкІэм и лъэужьыр гъэзэкІуэжыным хуэгъэзауэ иджыпсту сыт зэфІэвгъэкІрэ икІи иджыри сыт хуэдэ унафэхэр къэщтапхъэ, абы федеральнэ Іэнатіэхэри хэту?

КІуэкІуэ Ю.: Пщіэ зыхуэсщІ Дмитрий Анатолий и къуэ, Уэ уи нэІэ тетщ а щытыкІэм икІи нобэ ирихьэлІэу Іуэхур зыІутыр мыращ.

Апэрауэ, дызэгъусэу делэжьырэ, Правительствэм, федеральнэ министерствахэм, Іэхущ Іапіэхэм я дэІэпыкъуныгъэкІэ, дэ апэ махуэхэм тхуэзэфІэкІащ псынщІэу Іуэхум яужь дихьэн икІи абы и фІыгъэкІэ Іэмал дгъуэтащ щытыкІэ гугъу ихуа щІыналъэр электрокъарукІэ, газкІэ икІэщІыпІэкІэ къызэдгъэпэщыжьын, гъуэгур къызэІутхыжьын. Километри 4-м нэблагъэ зи кІыхьагъ газ бжьамийр пІалъэкІэ дукъуэдияуэ аращ зэкІэ. Апхуэдэу щытми, дэ абы Іэмал къыдет унэхэр дгъэплъыныжкІэ икІи абы и лъэныкъуэкІэ гугъуехьэр щыІэкъым.

Правительствэм и комиссэм ипкъ иткІэ дэ икъуэкІ жыджэру дадэлэжьащ МЧС-м, ЗыхъумэжыныгъэмкІэ министерствэм - 58-нэ армэм дэ хуабжьу зыкъытущІигъэкъуащ, пІалъэкІэ ягъэува лъэмыжхэр псынщІэ дыдэу къытІэрагъэхьащ. А псом нэхъри тщагъэпсынщІэ гугъуехь нэхъыщхьэхэр цІыхухэм ящхьащыхыныр.

Дэ уэгумкІэ щІыпІэм къитащ цІыху минрэ щитхум нэблагъэ. Ешы Іуащхьэмахуэ лъапэ щыІэ щытыкІэм и гугъу пщІымэ, цІыхухэр зэрыпсэу мардэм зыри зэран хуэхъуакъым.

Нобэ жьІІэфынуц цІыхухэм Іуащхьэмахуэ лъапэ къызэрагъэззэкыр, абы цІыхухэр зэса къызэрыгуэкІ щытыкІэ щыІэщ.

Федеральнэ Іэгуэгум (абы щыщу Іыхьий псыдзэм икъутащ) и гугъу пщІымэ, уэ пщэрылъ пщІахэм тету, «Росавтодор»-м и гъусэу лэжьыгъэшхуэ идогъэкІуэкІ иджыпсту. Мы зэманым газ корпорацэхэми дадолажьэ. Абы елэжь Іэнатіэхэр иджыпсту сыткІи хуэхьэзырщ газым пыщІа псори километриплІым щигъу Іыхьэм тэмэму щыдгъэувыжьыным. Гъэзэгум елэжь Іэнатіэхэм дагъуэрыІуакІэщ икІи мыгъэу а лэжьыгъэ псори зэфІэкІынущ. Дэ, псалъэм щыдэкІуэу жысІэнщи, пІалъэкІэ газыр зэрахуэдутІыпщ линиери къэдгъэнэну мурад тщІащ, икІи лажьэу щыІахэри дукъуэдиижынущ.

КъызэрымыкІуэ щытыкІэр къыщыхъуар фокІадэм и 1-м хуэзат. Апхуэдэу щытми, дэ школхэм еджэнырь къыщызэтедгъэувыІакъым, абыхэм псори яІащ - ерыскъыпхъэхэри нэгъуэщІ зыхуеинухэри. Абы къыхэкІыу, сиІэ Іэмалыр хьэзгъэсэбэпу, Дмитрий Анатолий и къуэ, сэ псоми фІыщІэ яхуэсщІыну сыхуейт. ИкъукІэ здэдгъэлажьащ псори. Сыщогугъ апхуэдэ дыдэу псынщІэу Іуэхур и кІэм нэдгъэсыну.

ЕтІуанэ Іуэхуу Уэ къыхэплъхьар: сыт адэкІэ тщІэн хуейр, сыт хуэдэ жэрдэмхэр щыІэ? МЧС-р, Транспортымкіэ министерствэр тщІигъуу дэ долажь программэ хэхам. Метр миниплым нэблагъэ и лъагагъуу щыІэ а гуэлитІым иужьрейуэ псыр къащыщхьэдэуэхар 1960 гъэрщ. Дуней щытыкІэм иужьрей илъэсхэм зэрызихъуэжыр къэплъытэмэ, абыхэм иджыри дагъэпІейтеинкІэ зыхуэІуа щыІэкъым, абыхэм тэмэму, зыхуей хуэзэу демыпэжжьмэ. ЯтІэпс къех хъужьыкъуэмэ, жаІэу 2003 гъэм абы хуащІауэ щыта гъэзугрщ щытыкІэр нэхъыкІэм хуэзэмыгъэкІуар. Тырныкуэ къалэщ икІи абы цІыху мин 20 щопсэу... 2000 гъэм абы къызэрымыкІуэ щытыкІэ къыщыхъууэ щытащ. Абы щыгъуэ къалэм дэуэ псыдзэм унэхэр ещанэ къатым нэсу щІигънат. А лъэхъэнэм къэралым унафэ щащІауэ щытащ ятІэпс къех хъумэ зэрыкІуэну гъэзгу хуэщІыным теухуауэ. Абы километр 1,5-рэ и кІыхьагъщ, метрибл и кууагъщ. Араща иджыпстуи къалэр нэхъ къезыгъэлар. Абы къыхэкІыу къэхъункІэ хъунур къэтлъытэу, и пэ зидгъэщу дылэжьэн хуейщ дэри.

Медведев Д.: Абы иджыпсту дытевгъэпсэлъыхь, къэхъункІэ хъунум и пэ кІихуэу зыхуэдгъэхьэзыру дыщытын икІи абы къыдэкІуэнкІэ хъуну гугъуехьэр Іэмал зэриІэкІэ дгъэмэщІэн папщІэ.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

Спортсмен 600-м щІигъу Налшык щызэпеуащ

● Дзюдо

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэ Налшык фокІадэм и 16 - 19-хэм щекІуэкІащ Урысейм дзюдомкІэ и чемпионат. «Гладиатор» спорт комплексым и алэрыбгъум къэралпсо зэпеуэм и медалхэм щыщІэбэнащ щІыналъэ 60-м къикІа спортсмен 600-м щІигъу.

ЧЕМПИОНАТЫМ и хьэщІэ лъапІэхэу щытащ Урысейм дзюдомкІэ и командэ къыхэхам и менеджер нэхъыщхьэ Гамбэ Энциорэ къэралым дзюдомкІэ и гуп къыхэхам и тренер нэхъыщхьэ Тау Хьэсэнбийрэ.

Урысейм и чемпионатыр къыщызэІуахьи тренерхэм, спортсменхэмра абыхэм къадэщІыну кърихьэлІахэмрэ захуигъэзащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий.

«...Спортыр цІыхубэ зыужьыныгъэм телэжьапхъэщ, къэралхэр, щІыналъэхэр зэкъуигъэувэу, къыдэкІуэтей ныбжьыщІэхэм дэрэжэгъуэрэ плъапІэрэ къаритУ. Псоми фІы дыдэу дощІэж Рио-де-Жанейрэ Урысейм и дзюдоистхэм ехъулІэныгъэкІэ зыкъызэрыщагъэлъэгъуар. Тщыгъупщакъым Урысей Федерацэм япэ дыщэ медалыр ди Мудрэн Беслъэн къызэрыхуихьари. Ахэр къэралыр зэрыпагэщ, щІэблэщІэм я щапхъэ нэсщ», - къыхигъэщащ КъБР-м и Іэтащхьэм.

Урысейм ДзюдомкІэ и федерацэм и президент Анисимов Василий и цІэкІэ къэпсэльащ федерацэм и гъэзэщІакІуэ директор Хабиров Валентин.

Адэкіэ КІуэкІуэ Юрийрэ Гамбэ Энциорэ мыхъур хэха трагъэуащ чемпионатым ирихьэлІэу къыдагъэкІа пощт карточкэхэм. Абыхэм я тиражыр куэд хъуркъым икІи, Іэщ ІагъэлІэхэм къызэралъытэмкІэ, филателистхэр икъукІэ зыщыгуфІыкІынщ.

Пшыхьыр игъэдэхащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и уэрэджы Іакіуэхэмрэ къэфакІуэ гупэхэмрэ ята концертым.

Чемпионатыр зэрекІуэкІам теухуа тхыгъэ ди газетым тетынущ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

КІуэкІуэ Юрий инстаграмым щиІэ напэкІуэцІым щехъуэхъущ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ спортсмен, Европэм дзюдомкІэ пашэныгъэр къыщыхьыным теухуауэ ныбжьыщІэхэм ирагъэкІуэкІа зэхьэзэхуэм зи хьэлъагъыр килограмм 55-м нэсхэм я деж дыщэ медаль къыщызыхьа Шэру Муртаз

«Европэм дзюдомкІэ пашэныгъэр къыщыхьыным теухуауэ ныбжьыщІэхэм ирагъэкІуэкІа зэхьэзэхуэм Урысейм и коМандэ къыхэхам япэ дыщэ медалыр къыщыхуэзызыхьар Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ спортсмен Шэру Муртазщ. КІуэх зэІуущІэм абы ныкъуэкъуэгъу къыщыхуэзхуэам къытекІуэнымкІэ зы Іэмали иритакъым. Ар икъукІэ удэзыхьэх зэпеуэ хъуат. Уи текІуэныгъэмкІэ, Муртаз! Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэхэми сэри къыдбгъэдэкІыу ди гуапэу дынохьэхъу. А текІуэныгъэм и щыбагъ къыдэлъщ уи гъэсакІуэ Унэшхуэлі Асльэнрэ уи адэ-анэмри я лэжьыгъэшхуэ. Ди фІэщ мэхъу спортым ехьулІэныгъэщІэхэр къызэрыщыпхьынур», - щыжеІэ республикэм и Іэтащхьэм и тхыгъэм.

УРЫСЫКЪУЭ Тенджыз.

Мывэ телъыджэ

● Щэнхабзэ

ХьэтІохъущокъуэм и жыг хадэм и лъэс лъагъуэ нэхъыщхьэм щагъуэв сурэтыщІ, скульптор Пащт-Хъан Алим «Вагъуэбэ мывэ» зыфІища и Іэдакъэщ Іэкіыр.

ДОМБЕЯКЪРЭ ди щыналъэм къыщыщІах граниту зэхэлъ мывэ домбейм сурэтыщІым и гупсысэ куур лъэныкъуэ куэдкІэ щызэхуэхьэсащ. Абыхэм ящыщ зыщ нартыжьхэм я тхыдэ жьжьэр. Мывэм тонн мини 7 и хьэлъагъщ. Абы и джабэхэм екІуэкІыу хэгъэтІысхьащ домбеякъым къыхэщІыкІа «вагъуэхэр». Сантиметри 5 - 20 си инагъ а пкъыгъуэхэр Германием и «Лауххаммер» заводым щагъэжащ. Абы домбеякъым къыхэщІыкІауэ ящыщІагъэкІ хьэпшыпхэр, псом хуэмыдэу уэзджынэхэр я фІагъкІэ дуней псом щыщІэрыІуэщ.

Сурэтыщым къызэрыхигъэщамкІэ, мывэм екІуэкІыу хилъхьа вагъуэхэм я дэтхэнэ зыми мыхьэнэ пыухыкІа иІэщ. Вагъуэбэм и ныбжь тридзэр, уэгумрэ вагъуэмрэ, лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр - псори щызэхэхьэсащ псэкупсэ къарум и инагъым нагъыщэ хуащІа мывэм. Псом нэхъ нэхъ гъэщІэгъуэныращи, абы бгъэдыхьэу зэпэзыплъыхь дэтхэнэми къыдэушынущ тпэжьжьэ зэрышым ихъумэ щэхуэм я зы Іыхьэ.

«Вагъуэбэ мывэр» - япэ лэжьыгъэщ. Абы къыкІэлъыкІуэнур фарфорым, ещанэр зэрыщыту домбеякъым къыхищІыкІынущ Пащт-Хъан Алим. А лэжьыгъищми философие гупсысэр лъабжьэ хуищІащ скульпторым. Шэч хэлъкъым цІыхубэм апхуэдэ лэжьыгъэ купщІафІэр гунэс зэращыхъунум.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Лъэпкъым къыпэщыт зи чэзу Іуэхухэм щытопсэлъыхь

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Хасащхьэм и зи чэзу илъэс зэІущІэр дыгъуасэ Налшык къалэ щекІуэкІащ.

АБЫ ХЭЛЭЖЬЫХЬАЩ Тыркум, Сирием, Иорданием, Израильм, Европэм хыхьэ къэралхэм, АР-м, КъБР-м, КъШР-м, Ставрополь, Краснодар крайхэм, Осетие Ищхьэрэ - Аланием щылажьэ Хасэ къудамэхэм я тхьэмадэхэмрэ лІыкІуэхэмрэ. ЗэІущІэм хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Администрацэм и Унафэщ **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, Администрацэм къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ и управленэм и унафэщ **Къуэжей Артём**, КъБР-м Граждан жылагъуэ Іуэхущ Іапіэхэм ядэлэжьэныгъэ рэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ и къэрал комитетым и унафэщІ **КІурашын Анзор**, ДАХ-м и Нэхъыжьым и советым хэтхэр, нэгъуэщІхэри.

Хасащхьэм и зэІущІэм щытепсэлъыхьащ лъэпкъым къыпэщыт зи чэзу Іуэхуэхэм, Сирием щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэу къэІэпхъуэжьахэм я Іуэху зыІутымрэ абыхэм зэрадэІэпыкъумрэ, Тыркум, Израилым къыщызэрагъэпэща фестивалхэр зэрекІуэкІам, абыхэм Хасэшхуэм и лІыкІуэхэр зэрыхэтам, хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм я щІэблэр ди республикэм зэрыщыІам, нэгъуэщІхэми.

Хасащхьэм и зэІущІэр зэрекІуэкІам теухуа тхыгъэ убгъуэ ди газетым и къыдэкІыгъуэхэм ящыщ зым тетынущ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замир.

ГуфІэгъуэ зэхыхьэ

● Дыгъуасэ

Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я дунейпсо махуэм хуэгъэпса гуфІэгъуэ зэхыхьэ фокІадэм и 19-м Музыкэмкіэ театрым щекІуэкІащ.

КъШР-м и цІыхубэ тхакІуэ Бемырзэ Мухьэдин «Адыгэ лъэпкъым и Іэпкълъэпкъ пщыкІуті» и усэмкіэ ирагъэжьа пшыхьым лъэр щІэзыгъэкІрэ гур зыгъэхъуапсэ «Уэркъ» къафэмкІэ къыпащащ «Кабардинка» къэрал академие ансамблым.

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд кьеджащ республикэм и Унафэщ КІуэкІуэ Юрий Адыгэхэм я махуэм и щІыхькІэ цІыхухэм зэрехъуэхъум.

- Нобэрей махуэр къэблэгъэным ди нэхъыжьк куэдым я гуащІэ халъхьащ. Абы къытхуагъэна лъэужь дахэр икъукІэ щІэгъэкъуэнкІ Іуэхуэхъущ. Пэжщ, гугъуехьрэ хьэзабкІэ псыхьащ ди лъэпкъым и тхыдэр, ауэ абы хуэзфІэкІащ и щхьэ ихъумэжьн, лъапІэныгъэ нэхъыщхьэу иІэ бзэмрэ и хабзэ дахэмрэ щІэблэм яхилъхьэн. БлэкІар тщымыгъупщэрэ ипэкІэ дыплъэу, къэкІуэнум дыхуэнабдзэгубдзаплъэу дыпсэупхъащ. Адыгэхэм я махуэ лъапІэм дэ Іэмалыфі диІэщ лъэпкъыбзэр, хабзэр, фащэр, къафэр, дгъэпэрытыну, ди щІэблэр дгъэгушхуэну, дгъэлъэпІэну. А Іуэхур ДАХ-м къыщырихьэжьам къыддэзыІыгъа псоми фІыщІэ яхуэсщІыну сыхуейщ. Дыщогугъ адыгэр и хэку щызэхуэсыжу илъэс 460-рэ хъуауэ дызыкъуэт Урысей къэралыгъуэм увыпІэ хэха щыдубыду дефІакІуэу дыпсэуну, - жиІащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъуроку Хьэутий къыщыпсалъэм.

Пшыхьыр я уэрэд, къафэ нэжэгужэхэмкІэ агъэдэхащ республикэм и артист пажэжэу Зеущэ Іэуес, Гуаэ Тимур, Шэрджэс Іэсият, Музыкэ театрым и хорым, нэгъуэщІхэми.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

КъБР-м и Парламентым и депутатхэм гу зылъатапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэІущІэр 2017 гъэм фокІадэм и 22-м зэхэтынущ.

ЗэІущІэм щыщІидзэнур сыхьэти 10-рщ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

● Футбол

Фыдогъэблагъэ!

Урысей Федерацэм и кубок
Финалым и 1/16-нэ Іыхьэ
«Спартак-Налшык» - «Динамо» (Мэзкуу)
Налшык. «Спартак» стадион.
Фокіадэм и 20.
Сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-м.

● ХъыбарегъащІэ

Дауэдапщэхэм фыхэтынумэ

Фокіадэм и 20-м Налшык щекІуэкІынущ Адыгэхэм я махуэм теухуа гуфІэгъуэ дауэдапщэхэр.

Сыхьэт 11-м щІидзэнурэ щІалэгъуалэр Къэбэрдей уэрамым кърикІуэнущ - Къэфапіэ пэшым деж къыщежьэнурэ «Победа» кинотеатрым къекІуэлэнущ. «Победа» кинотеатрым и гупэм деж иІэ утыкум сыхьэт 12-м щІидзэнурэ щекІуэкІынущ Налшык къалэ округым и муниципальнэ творческэ гупхэм я концерт. Абы хэтынущ Эстрадэм и театрри. Абы зыкъэгъэлъэгъуэн щІидзэнущ сыхьэт 15-м.

Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Хасащхьэм хэтхэр мы махуэхэм Налшык щохьэщІэ

● Лъэпкъ Іуэху

ДАХ-м и зэхыхьэхэм и япэ махуэр хьэщІэхэм щагъэкІуащ Налшык къалэм дэт «ДыгъафІэ къалэ» творчествэмкІэ сабий академием. Тыркум, Сирием, Иорданием, Израильым, Урысейм и хэгъэгухэм щылажьэ хасэхэм я тхьэмадэхэмрэ Гъэзэщ1акІуэ гупым хэтхэмрэ пщІантІэм щрагъэблагъащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Карчаевэ Раисэ и гъэсэн цІыкІухэм.

ХЬЭЩІЭХЭМ япэщІыкІэ зыщаплъыхьащ Кавказ Ищхъэрэм нэхъ ин дыдэу ит еджапІэм. Абы лъэпкъхэм я тхыдэм, Іэщ1агъэм, хабзэм зыхуагъасэу ныбжьыщІэ минитхум щІигъу йокІуалІэ. А цІыкІухэр щагъасэ, щрагъаджэ пэщхэр нэхущ, хуитщ, дахэщ. Хамэ къэрал къикІа ди лъэпкъэгъуэгъэ еплъащ Марыщ Заурбий игъасэ «Нальчанка» къэфакІуэ гупым я лэжьыгъэр зэрекІуэкІым, дирижёр цІэрыІуэ Темыркъан Юрийрэ сурэтыщІ Шемякин (Къардэн) Михаилрэ я цІэхэр зезыхьэ пэшхэм щекІуэкІ Іуэхухэм, техникэм, инженер, спорт, медицинэ Іэщ1агъэхэм щыхуагъэхьэзыр классхэм.

«ДыгъафІэ къалэм» щызэхуэсахэм адэкІэ я лэжьыгъэм пащащ. Абы щекІуэкІащ «Урысей къэралыгъуэр зэфІэувэным адыгэхэр зэрыхэлІыфІыхьар» щІэныгъэ-практикэ конференцыр. ЗэІущІэм кърихьэлІащ УФ-м и Президентым къэрал кІуэцІ политикэмкІэ и управленэм чэнджэщагъу нэхъыщхьэу щыІэ **Мартынов Вадим**, КъБР-м Граждан жылагъуэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ и къэрал комитетым и унафэщІ **КІурашин Анзор**, щІэныгъэлІхэр, жылагъуэ лэжьакІуэхэр. Конференцыр къызэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**.

Ялъэ псалъэ зрата, тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Кузьминов Пётр** убгъуауэ тепсэлъыхьащ XIX лІэщІыгъуэм и 60 гъэхэм ёкІуэкІа Іуэхуэхэм Урысеймрэ Кавказ Ищхъэрэмрэ зэрыхэтам. Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и щІэныгъэ институтым и унафэщІ, тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Дзэмыхь Къасболэт** къызэхуэсахэм яжриІащ ди лъэпкъхэр Урысейм зэрыгухьа щыкІэр, абы жылагъуэ, политикэ я лъэныкъуэкІэ иІа мыхьэнэр. ЛІэщІыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэм адыгэхэм къэралым щызэрахьа къулыкъухэмрэ зэфІаха Іуэхуэхэм къарикІуэхэмрэ тепсэлъыхьащ щІэныгъэлІхэр. Конференц нэужьым ДАХ-м и Гъэзэщ1акІуэ гупым хэтхэр щхьэж здэщыІэ комитетхэм я лэжьыгъэр зэрекІуэкІым теухуауэ зэдэлэжьащ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замир.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

«Си лъэпкъ, си лъахэ, си адыгэ дуней»

Фокіадэм и 19-м КъБКъУ-м и педагогикэ колледжым Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я дунейпсо махуэм хуэгъэпсащ. «Си лъэпкъ, си лъахэ, си адыгэ дуней» фІэщыгъэм щІэт пшыхь дахэ къыщыІэзэрагъэпэщат.

● Дыгъуасэ

АБЫ кърагъэблэгъат Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Хъэфыщ1э Мухьэмэд**, КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Тау Ритэ**, педагогикэ колледжым и унафэщІ **Ашэбокъуэ ФатІимэ**, студентхэр, журналистхэр.

ЗэІущІэм и пэщІэдзэм Адыгэхэм я махуэ лъапІэр зэрауб3ыхуам, лъэпкъым махуэ хэха иІэу зэрыхъуам и мыхьэнэр зэрыпъэрам, адыгэхэм я лъапІэныгъэ нэхъыщхьэхэм, фІыгъуэ мылъытэхэм тепсэлъыхьащ.

Ашэбокъуэ ФатІимэ къыщыпсалъэм я еджапІэр здагъэІэпхъуа унэщІэм мыр япэ Іуэхуу къыззрыщ1этар къыхигъэщри, адыгэхэм я гуфІэгъуэр яхуэмахуэну къызэриІыгъэр жиІащ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 460-рэ щрикъум ирихьэлІэу ди колледжым тыгъэ лъапІэ къытхуащІащ - ди еджапІэр унэщІэ дыкъагъэІэпхьащ. Мыпхуэдэ гуфэгъуэ япэу зэрыщедгъэкІуэкІри нэщэнэфІу къызолъытэ. Илъэс зыбжанэ хъуауэ Адыгэхэм я махуэр догъэлъапІэри, а Іуэхум игуэт пщІэмрэ гулъытэмрэ хэхъуэ зэпытщ. Лъэпкъым махуэ хэха зэрыхуэубзыхуамкІэ, дызэриадыгэм дыщызыгъэгуфІыкІырэ махуэ дызэриІэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм фІыщІэ лей хуэсщІыну сыхуейт, лъэпкъыр хуабжьу дызыщыгуфІыкІа Іуэхущ, - жиІащ Ашэбокъуэм.

ХьэфІыщІэ Мухьэмэд псалъэ ирата иужь педагогикэ колледжыр унэщІэ зэрагъэІэпхъуамкІэ екъуэхъуащ. Абы и гугъу ищІащ дуней псом щызэбградза адыгэхэр кІуэ пэтми нэхъ быдэу зэрызэрыубыдыжым, лъэпкъ гупсысэр къызэрыуШым. Иужьрей зэманым адэ хэкужьым щыпсэуну къэкІуэжхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуам, абыхэм ящыщ куэд екъулІэу псэууэ зэрырагъэжьжам щыгъуазэ ищІащ абы къызэхуэсахэр. ХьэфІыщІэр тепсэлъыхьащ хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм я бзэ, хабзэ яхуэмэжыну яужь зэритым. Адыгэхэм я махуэм дэщыгъуу Адыгэшым и дунейпсо махуэри зэрагъэлъапІэм, шым адыгэ дунейм увыпІэ щхьэхуэ зэрыщиубыдым теухуа хъыбар гъэщІэгъуэнхэмкІэ ядэгушащ Хьэфыщ1э Мухьэмэд къызэхуэсахэм. Лъэпкъ тхыдэм, бзэм, хэхэс адыгэхэм ятеухуауэ тхылъ зыбжанэ тыгъэ хуищІащ еджапІэм.

- Адыгэхэм я махуэр ди республикэм лъэпкъыу исым зэдаІэт гуфІэгъуэ махуэшхуэщ. БлэкІар зыщыдмыгъэгъупщэу, ди тхыдэм дерс пыухыкІа къыхэтхыу ипэкІэ дызэрыкІуэтэным, зэманыщІэм дызэрыдекІуным яужь дитыпхъэщ. Лъэпкъым хуэтщІ пщІэ иным, ди нэхъыжьхэм яхуэфэщэн щІэблэ къызэрытщІэхуэм мы махуэр и щыхьэт хъуну къызолъытэ. Нобэ ди пащхьэ ит щІалэгъуалэр адыгэбзэкІэ усэ къоджэ, уэрэд жаІэ, я анэдэлъбзэр къабзэу яІурыпщи, гушхуэныгъэ къыпхалъхьэ, - жиІащ Тау Ритэ къыщыпсалъэм.

Педагогикэ колледжым и студентхэр адыгэбзэм, хэкум, цІыхугъэм, лъахэм ятеухуа усэхэм къеджащ. Къызэхуэсахэр псом хэмыдэу итхьакъыат уэрэджьыІакІуэ Дыщэкі Артуррэ «Бзэрабзэ» гупымрэ я пшыналъэ дахэм.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Мы махуэхэм

Фокіадэм и 20, *бэрэжьей*

♦Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я дунейпсо махуэщ

♦Белоруссием и Таможенникым и махуэщ

♦Осетие Ипщэм щагъэлъапІэ я къэралыгъуэр щагъэува махуэшхуэр. 1990 гъэм фокІадэм и 20-м ар Куржым къызэрыгуэкІым, Осетие Ипщэм и лъэпкъ суверенитетым теухуа декларацэр къащтащ.

♦1862 гъэм Санкт-Петербург къалэм къэрал консерваторэ къыщызІуахащ. Ар Урысейм и япэ музыкэ еджапІэ нэхъыщхьэщ.

♦1878 гъэм Санкт-Петербург Бестужевым и курс нэхъыщхьэхэр - Урысейм щІыхубзхэр щеджэ и япэ университетыр - къыщыІуахащ.

♦1918 гъэм Красноводск къалэм инджылыз интервентхэм щаукІащ Кавказ ЩІыбым совет властыр щыгъэувыным и унафэр зыІэщІэлъа, Баку щыщ комиссар 26-рэ.

♦1936 гъэм Бахъсэн ГЭС-р лажьэу яутІыпщащ.

♦1990 гъэм Украинэм и къэрал суверенитетым теухуа декларацэр къащтащ.

♦1992 гъэм Франджым щекІуэкІа референдумым хэтахэм я нэхъыбапІэм Іэ яІэтащ Европэ зэгухьэныгъэм хыхьэным и телъхьэу.

♦1999 гъэм Мэлбахъуэ Тимбор я дунейм ехьжащ.

♦Урысей император **Павел Езанэр** къыззраліъхурэ илъэс 263-рэ ирокъу.

♦Совет къэрал лэжьакІуэ, политик, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Ахъмэт Мусэбий** къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу.

♦Адыгэ Республикэм и цІыхубэ тхакІуэ, АР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **ХьэдэгъэлІ Аскэр** къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу.

♦Италием щыщ киноактрисэ цІэрыІуэ **Лорен Софи** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Химие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, жылагъуэ лэжьакІуэ **Шурдым Барэсбий** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦КъШР-м и цІыхубэ усакІуэ **Нэхущ Мухьэмэд** къызэралъхурэ илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Урысей уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуа **Лель Катя** (и цІэ-унэцІэ дыдэр **Чуприна Екатеринэщ**) и ныбжьыр илъэс 43-рэ ирокъу.

♦БэнэкІэ хуитымкІэ дуней псом щэнейрэ щытекІуа, Олимп Джэгуэхэм жэз медаль къыщызыхьа **Махуэ Билал** и ныбжьыр илъэс 30 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 28 - 31-рэ, жэщым градус 18 - 20 щыхъунущ.

Фокіадэм и 21, *махуэку*

♦Мамырыгъэм и дунейпсо махуэщ

♦Альцгеймер узыфэр зищІысым щІыхуэзэ щыгъуазэ щІыным и дунейпсо махуэщ

♦Армение Республикэм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ.

♦1827 гъэм генерал Ермолов А. П. и къулыкъум Іуагъэкіри, Кавказым ирашыжащ.

♦1942 гъэм Бахъсэн партизан гупыр Каменномост щыІэ нэмыцэ гарнизоным жэщым теуащ, абы хэщІыныгъэшхуи иритащ.

♦1943 гъэм Чернигов къалэр фашистхэм къыІэщІагъэкІыжащ.

♦Актёр цІэрыІуэу щыта, СССР-м и цІыхубэ артист **Гердт Зиновий** къызэралъхурэ илъэси 101-рэ ирокъу.

♦Географие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик **Борей Рауф** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Совет, урысей актрисэ, УФ-м и цІыхубэ артисткэ, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Остроумовэ Ольгэ** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦КъэфакІуэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Мысачэ Валентинэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Социологие щІэныгъэхэм я доктор АКъУ-м и профессор **Нэпсо Марианнэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Химие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Бей Іэуес** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 28 - 31-рэ, жэщым градус 18 - 20 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Уи Хэку и мывэхэри дыщэщ.

Лъэпкъ Iуэхум хуэжыджэр Ефэнды Маринэ

● Дифl догъэлъапlэ

Налшык дэт гимназие №29-м адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж Ефэнды Маринэ и Iэщlагъэм илъэс 40-м нэсауэ иролажьэ. Цlыхубэ егъэджэныгъэм и отличник, и Iэзагъымкlэ квалификацэ лъагэ зыбгъэдэлъ Ефэндыр жыджэру хэтщ къалэ, республикэ, щыналъэ зэпеуэхэм. увыпlэфlхэри къыщехь. «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткlэ екlуэкl къэралпсо зэхьэзэхуэм щытекlуэри, Маринэ къыхуагъэфэщащ «УФ-м и егъэджакlуэ нэхъыфl» цlэ лъапlэмрэ сом мини 100 хъу ахъшэ саугъэтымрэ.

Щlэблэр егъэджэным, гъэсэным и гумрэ и псэмрэ етауэ, зэфlэкlрэ къарууэ иlэхэр лэжьыгъэм ирихьэлlэу и Iэнатlэм пэрытщ Ефэндыр. Зи дэтхэнэ дерсри къэхутэныгъэ хьэлэмэтк, сабийм къыщызыгъэхъу егъэджакlуэ Iэзэм и лэжьыгъэр нэхъ купщlафlэ хъуну щхьэкlэ, урокым методикэ и лъэныкъэкlэ ехьэлlапхъэ псори езым екlуу къызэрегъэпэщыжк. Апхуэдэ Iэху бгъэдыхьэкlэм еджакlуэхэм анэдэлхубзэм хуаlэ гукъыдэжыр нэхъри къеIэт, абы и Iэмалхэмрэ кулеягъымрэ захрегъащlэ.

Маринэ фIы дыдэу къыгуроIуэ дерс къудейкlэ иджырей еджакlуэхэр нэсу къызэрыпхудэмыкъхьынур, лъэпкъыбзэмрэ литературэмрэ фIыуэ зэрыпхуемыгъэлъагъунур.

- Псом япэу сабийр гъащlэм хэзышэр, дунейр езыгъэцlыхур, абы дахэрэ Iэфlу хэлъыр къезыгъащlэр бзэращ, и анэм и бзэрщ. Бзэм и гъусэу сабийм зэхихын хуейщ адыгэ уэрэдхэр, абыхэм хэт псалъэхэр, макъамэхэр, къызэрыфэ пшыналъэхэр. Абыхэм сабийм и псэр къагъэуш, и гур лъэпкъым хуэщабэ ящl, - и лэжьыгъэм топсэлъыхь Маринэ. - Нобэрей гъащlэм уэхплъэмэ - губжьыр нэхъ щытепщэщ, «гулъытэ» псалъэми щхьэж езым щlилъхь и мыхьэнэщ, мылъкум и пщlэр Iэта хъуащи, беягъэм я нэхъ лъапlэр цlыхупсэр арауэ зэрыщытыр куэдым ящыгъупщащ. Мыхъумыщlэр щебэкlым лъэпкъ щэнэр щыхъумэгъуейщ. Ауэ щыхъукlи, псори къыщежьэр жьэгу пащхьэращ, гъэсэныгъэм и щlэдзапIэри араущ.

Егъэджакlуэм къыззрилъытэмкlэ, сабийм къызыхэкlа лъэпкъыр фIыуэ илъагъуу, абы пщlэ хуищlу къэтэджын папщlэ, егъэцlыхун хуейщ лъэпкъым и цlыху пажэхэр: лэжьакlуэшхуэхэр, акъылышхуэрэ щlэныгъэшхуэрэ зыбгъэдэлъхэр, и псэукlэр нэхъыфl хъуным, и щэнхабзэм зыкъиIэтыным хэлъхьэныгъэ хуэзыщlхэр. Апхуэдэу Ефэндым цlыкlухэм ярегъэцlыку зыщыпсэр Хэкум и дахагъыр, хущlокъу ди анэдэлъхубзэм и Iэфlагъыр, къулеягъыр абыхэм псэкlэ зэрызахрегъэщlэным. Маринэ и лэжьыгъэм шэщlауэ къыщегъэсэбэп классщIыб егъэджэныгъэри. Абы къызэщIеубыдэ зэпеуэ хьэлэмэтхэр, зэхуэзэ купщlафlэхэр, дерс зэIуахэр, гупжьейхэм щригъэкlуэкl зэхьихьэхэр. Сабийхэр щыуагъэншэу, къабзэу тхэуэ, я гупсысэхэр екlуу къаIуэтэфу егъэсэныкlэ абы дэIэпыкъуэгъу къеущl тетрадь нэхъыфIхэм, сочиненэ, изложенэ купщlафIэхэм я гъэлъэгъуэныгъэхэр.

- Сабийр иджым дезгъэхьэхьи папщlэ, компьютерыр зыщlауэ лэжьыгъэм къыщIэзогъэсэбэп. Си нэIэм щlэту, цlыкlухэм ди тхакlуэхэм, усакlуэхэм я гъащlэмрэ литературэ лэжьыгъэмрэ ятеуэхуа презентацэхэр ягъэхьэзыр, - жеIэ егъэджакlуэм. - Къищынэмыщlауэ, си гъэсэнхэмрэ сэрэ дызэгъусэу радиоми дыдолажьэ. Псалъэм папщlэ, «Щэнгъасэ» радионэтыныр къызэрызэIуахар си еджакlуэхэм я псалъэмакъщ. Псоми зэрыфщIэщи, еджакlуэхэм утыку итыныр, зыкъагъэлъэгъуэныр яфIэфIщ, мис а хьэл-щэнхэри дерсхэм деж къыщызогъэсэбэп. Гъэщlэгъуэн ящохьу джэгу-зэпеуэ дерсхэр щезгъэкlуэкlым деж, нэхъ гъэщlэгъуэныж мэхъу абыхэм я дежкlэ, я ныбжьым ельытауэ, уэрэд цlыкlуэхэр жебгъэIэрэ, ар темэщIэм ехьэлIауэ зэпкъребгъэхмэ.

Апхуэдэ щыкlэкlэ щlэблэм ядэлажьэ егъэджакlуэ Iэкlуэлъакlуэм пщlэрэ нэмысрэ къыщыхуащl зыхэт гупми, Iуэхущlапlэм и унафэщlхэми, ар жыджэру зыдолажьэ адэ-анэхэми. Ефэндым къыхилъхьэ жэрдэмыщlэхэр къыделыгъ школым и унафэщl щыпкъэ, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакlуэ Iэкlуэлъакlуэ Смирновэ Татьянэ. Егъэджакlуэр хэтщ ди республикэм, Кавказ Ищъхьэрэ федеральнэ щыналъэм щекlуэкl зэхьихьэхэм. КъБР-м икIа егъэджакlуэ гупым яхэту Маринэ щыIащ Шэшэн Республикэм щекlуэкIа Етlуанэ Кавказпсо педагогикэ еджэныгъэхэм. Ди гуапэ зэрыхъущи, егъэджакlуэм и лэжьыгъэм щытхъу къыщыхуежьащ абы, увыпIэфIи къыщихьащ. Апхуэдэу ар хэтащ Анэдэлъхубзэр езыгъэджэхэм я еханэ Урысейпсо мастер-классым. Мордовие Республикэм и къалащхьэ Саранск щызэхаша къэралпсо зэпеуэм Маринэ «Егъэджакlуэхэм я егъэджакlуэж» унэтlныныгъэм пашэ щыхъуащ. Абы и щыхьэту зэхьэзэхуэм и щыхьэ тхыльымрэ дамыгъэмрэ кратащ.

Лъэпкъ егъэджэныгъэм и зыужьыныгъэм хуищl хэлъхьэныгъэм папщlэ Ефэндым къыхуащlащ нэгъэущl гулъытэхэри. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщlэ, УФ-м, КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ я министерствэхэм, егъэджэныгъэмкlэ Налшык къалэ департаментым, Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэм, нэгъэщlкъэрал, жылагъуэ Iэнатlэхэмки къабгъэдэкl дамыгъэхэр, щыхь, фIыщlэ тхыльхэр. Иджыблагъэ Ефэнды Маринэ къыхуагъэфэщащ «КъБР-м щыхь зиIэ и егъэджакlуэ» цlэ лъапlэр. Абы щыхьэт техъуэ тхыльымрэ дамыгъэмрэ егъэджакlуэм кupитащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкlуэ Юрий.

Къытщlэхъуэ щlэблэр хэкупсэу гъэсэным, щlэныгъэ куу яб-гъэдэлъу къэгъэтэджыным зи къаруи зэфIэкlи езыхьэлIэ егъэджакlуэ Iэзэм хуэфащэ дыдэщ апхуэдэ къэрал гулъытэрэ. Лъэпкъым и дежкlэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхум хьэлэлу телажьэ дэтхэнэми дохъуэхъу екъуIэныгъэщlэхэр зыIэрагъэхьэу, узыншэу куэдрэ псэуну.

КЪАРДЭН Тамбий.

● Япэ итахэр

КIуащ Тамарэ анэдэлъхубзэм хуищIа гулъытэр

Къэбэрдей-шэрджэс литературэбзэр зэтеуэвэныкlэ мыхьэнэшхуэ яIащ лъэпкъ щlэныгъэ лэжьакlуэ цlэрыIуэ, адыгэ бзылъхугъэхэм ящыщу япэу кандидат диссертацэ пхызыгъэкlуэу щыта КIуащ Тамарэ Хьэзрэт и пхъум зэфIэха къэхутэныгъэ инхэм. Иджырей адыгэбзэм и орфографиер къыщащтэм щыгъуэ, щIыналъэ къэрал комиссэм и пашэу щытари КIуащ Тамарэт.

Лэскэн щIыналъэм хыхьэ Арщыдан къуажэм 1927 гъэм щыпсалъэуащ КIуащыр. Жылэм дэт курыт школым фIы дыдэу щеджэ хъыджэбз цlыкlум ар къиухыну хунэсакъым, Хэку зауэшхуэр къызэрыхъеям къыхэкlы. Бийр ди щIыналъэм ирахужа нэужь, Тамарэ еджэным пищащ, зэреджэм хуэдэурэ щылэжьащ жылэм щызэхэт хозяйствэм и губгъуэм. Курыт школыр Нарткъалэ къыщиуха нэужь, КIуащыр щIэтIысхьащ Къэбэрдей къэрал пединститутым. Ар екъуIэныгъэкlэ кIиухри, и щIэныгъэм хигъахъуэну Москва кIуащ икIи СССР-м щIэныгъэхэмкlэ и Академиемэ Бзэщlэныгъэхэмкlэ и институтым и аспирантурэм щIэтIысхьащ. Кандидат лэжьыгъэр щигъэхьэзыхьым, Тамарэ и щIэныгъэ унафэщlу щытащ дунейпсо цlэрыIуагъ зиIэ еджагъэшхуэхэр - профессор, академик Яковлев Николай, Ломтатидзе Кетеван сымэ. 1953 гъэм ирихьэлIэу КIуащым игъэхьэзыращ ипэкlэ иригъэкlуэкlа къэхутэныгъэ купщlафlэхэр лъабжьэ зыхуищlа и диссертацэр. Ар екъуIэныгъэкlэ пхигъэкIри, филологие щIэныгъэхэм я кандидат цlэр къыфIащащ. Адыгэ бзылъхугъэхэм ящыщу Тамарэщ щIэныгъэм и апхуэдэ лъагапIэм япэу дэкIуейфар. Ар я зэхуэдэ екъуIэныгъэшхуэт езы бгырыс бзылъхугъэми ар къызыхэкIа адыгэ лъэпкъым я дежкlи.

1954 гъэм КIуащым щалъхуа щIыналъэм къыгъэзэжащ. Къэбэрдей щIэныгъэ-къэхутакlуэ институтым а зэманым и унафэщlу щыта КIэрэф Къамболэт СССР-м Щlэныгъэхэмкlэ и Академием бзэмрэ литературэмкlэ и къудамэм и академик-секретарь Виноградов Виктор хуигъэхьа лъэIу тхыльым ипкъ иткlэ, Тамарэ Налшык къэгъэкlуэжат. Ар щIэныгъэ-къэхутакlуэ институтым ирагъэблагъащ япэщlыкlэ щIэныгъэ лэжьакlуэу, иужькlэ адыгэбзэмрэ литературэмкlэ абы и къудамэм и унафэщlу икIи илъэси 10-м щIигъукlэ я Iэнатlэр иригъэкIащ къызыхуэтынщэу. Лэжьыгъэшхуэ зэфIихащ а илъэсхэм Тамарэ. Ар жыджэру хэтт кавказыбзэхэр джыныр щIыналъэм щыубзыхуным, а унэтlныныгъэмкlэ къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэр иригъэкlуэкlыат. Апхуэдэ лэжьыгъэфIхэр къалъытэри, 1967 гъэм КIуащыр ягъэуващ щIэныгъэ-къэхутакlуэ институтым и унафэщlым щIэныгъэмкlэ и къуэдзэу.

Зи Iуэху зехьэкlэмкlэ къэралым цlэрыIуэ щыхъуа адыгэ бзылъхугъэм гу къыщыIытащ СССР-м Щlэныгъэхэмкlэ и Академиеми. 1968 гъэм абы и Президиумым къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткlэ, КIуащ Тамарэ хагъэхьащ Лъэпкъыбзэхэр джынымкlэ къэралпсо советым. Абы Тамарэ хэтащ илъэси 10-м нэскlэ, лэжьыгъэфI куэдым я жэрдэмщlакlуэу, къызэгъэпэщакlуэу. И Iуэху еплъыкlэхэр къиргъэлъагъуэу ар къыщыпсалъэрт Академием и нэIэм щIэту екlуэкl къэралпсо щIэныгъэ зэхьихьэхэм, иберийскэ-кавказ бзэ гупыр джыным, лъэпкъ щIыкlухэм я анэдэлъхубзэхэм зегъэужьыным ежагъэтшхуэхэм гу лъаригъэтэу.

Иригъэкlуэкl щIэныгъэ-къэхутэныгъэхэм Тамарэ гъусэ яхуищlащ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэри, 1978 гъэм КъБКъУ-м ирагъэблагъэ нэужь. Ар илъэс куэдкlэ щылэжьащ университетым и тхыдэ-филологие къудамэм адыгэбзэмрэ литературэмкlэ и кафедрэм, япэщlыкlэ егъэджакlуэ нэхъыжьу, иужькlэ доценту. Адыгэбзэм и фонетикэмрэ лексикэмрэ ятеухуауэ КIуащыр къызэджэу щыта лекцэхэр купщlафlэт, хьэлэмэтт. Ахэр ноби ящlэж Тамарэ абы щыгъуэ иригъэджауэ щыта студентхэм ящыщ куэдым. Къэхутэныгъэ лэжьыгъэм щIалэгъуалэр хэшэным гулъытэ хэха къыщIырт егъэджакlуэ Iэкlуэлъакlуэм. Ар я щIэныгъэ унафэщlт, унэтlакlуэт диплом лэжьыгъэ зыгъэзащlэхэм, курсхэм я куратор, апхуэдэуи дапщэщи жыджэру хэтт кафедрэм, факультетым, университетым щекlуэкl Iуэху-гъуэ зэмылIужьыгъэхэм.

Анэдэлъхубзэм зегъэужьыным гулъытэщхуэ хуищlащ Тамарэ. А унэтlныныгъэмкlэ иригъэкlуэкlа къэхутэныгъэ купщlафIэхэр зэрыт тхыльхэр мымащlэу ящыщlащ а лъэхъэнэм. Абыхэм ноби пщlэшхуэ щаIэщ щIэныгъэ дунейм.

Жэуапльныгъэ зыпылъ апхуэдэ лъэпкъпсо Iуэхуэхэм къадэкIуэу, Тамарэ игъэзащlэрт жылагъуэ къаIэнэхэри. Республикэм щекlуэкl жылагъуэ-политикэ гъащlэм жыджэру хэт а цlыху акъылыфIэр мызэ-мытIэу хахащ Налшык къалэ советым, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм я депутату. Ар хэтащ а хабзэубзыкъ IэнатIэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкlэ и комитетым, щытащ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Тхьэмадэм и къуэдзэу.

ЗэфIиха апхуэдэ лэжьыгъэ хьэлэлым папщlэ КIуащ Тамарэ зыбжанэрэ къыхуагъэфэщащ къэрал дамыгъэхэр, щыхь, фIыщlэ тхыльхэр. Абыхэм ящыщу «Гуащэдж» хьэлэлым папщlэ», «Тэжьыбзэм и ветеран» медалэр, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм къыбгъэдэкl щIыхь тхыльхэр.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Пшыхьхэр

Сэ сыадыгэщ!

Зы лъэпкъи щыIэу къыщIэкlынкъым и екъуIэныгъэхэр иIэтрэ и фIым щыгуфIыкlыу щыIэхьыхьэ махуэ хэха имыIэу. Апхуэдэ махуэхэрщ щыхубзэм я гур щыз зыщIыр, къарукIэ, лъэкIыныгъэкlэ, акъылкlэ, щIэныгъэкlэ зыIэрагъхьахэр къыщапщытэжыр, лъэпкъым и нэхъыжьри и нэхъыщIэри гуфIэу щыIэзэхуэсыр. Адыгэ лъэпкъми апхуэдэ махуэшхуэ иIэнаир яфIэигъуэу хухахауэ ягъэлъапIэ.

Абы ирихьэлIэу зэхьихьэ гуапэхэр мы махуэхэм Iуэхущlапlэ зэхуэмыдэхэм зэрыщекlуэкlым шэч хэлъкъым. Апхуэдэу ар щагъэлъапIащ Тэрч щIыналъэм хыхьэ Инаркъуей къуажэм дэт курыт еджапIэми.

Екlуу зэгъэпэща пэшым куэд щызэхуэсат. Абыхэм яхэтт еджапIэм и унафэщl Тумэ Валентинэ, абы и къуэдзэхэу Шормэн Иннэ, Сэбаншы Беллэ, егъэджакlуэхэр, еджакlуэхэр.

«Сэ сыадыгэщ!» фIэщыгъэр зиIэ пшыхьхьыр къызэIуихащ адыгэбзэмрэ литературэмкlэ егъэджакlуэ Хьэрэдуурэ Эммэ. Къызэхуэсахэм хъуэхъу дахэкlэ захуигъэза нэужь, абы иджыри зэ ягу къиргъэкlыжащ махуэшхуэр Дунейпсо Адыгэ Хасэм и жэрдэмкlэ къыхалъхьауэ зэрыщытыр икIи цlыху куэд зыщыгуфIыкlа Iуэхур къэрал унафэкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкlуэ Юрий 2011 гъэм щIигъэбдыхьыжауэ зэрыщытар.

Адэкlэ псалъэмакъым зэпадзыжу пащащ зэIуцlэр езыгъэкlуэкlынухэм. Апхуэдэу еджакlуэхэр тепсэлъыхьащ дунейм лъэпкъыу тетыр къехъуапсэу адыгэм зэрихьэу щыта хабзэ дахэ куэдым. Абыхэм ящыщщ цlыхухъуэхэр зекlуэ кIуэныр, хьэщlэр гъэхьащlэныр, абы пщlэ хуэщlыныр, Iэнэ щцысыкlэр, гъуэгу тетыкlэр, нэхъыжьыр лъытэныр, нэхъыщlэр гъэсэныр, нэгъуэщl куэдри.

Пшыхьхэр гъэщlэгъуэн пщцызыщlхэм ящыщт еджакlуэхэм адыгэ лъэпкъыр зэрыгушхуэ цlыху цlэрыIуэхэм я цlэхэр къызэрыраIуэр. Апхуэдэу абыхэм лъэпкъым и лIыгъэр къещежьэ адыгэ Iуэрыlуатэм къыщыщIадзэри, Ридадэ, Андемыркъан, Инал, Идар Темрыкъуэ, нэгъуэщl лIыхъужь куэдми я цlэхэр къраIуащ.

Дызэрыт зэманми апхуэдэхэу ялъытэу, псалъэм папщlэ, адыгэ лъэпкъыр дуней псом цlэрыIуэ щызыщlа дирижёр Iэзэ Темыркъан Юрэ, сурэтыщlэу КIыщ Мухьэдин, Пащты Герман, Црым Руслан, олимп чемпионкэ Шыхьэуэ Борис, Ахэмын Еленэ, Къардэн Мурат, Хъущт Аслъэнбэч, Мудрэн Беслъэн, Олимп Джэгухэм дыжьын медаль ящыщызыхьа Джэду Iэниуар, адыгэ литературэр утыкушхуэ изыша КIыщокъуэ Алим, Щоджэнцlыкlу Алий, Шортэн Аскэрбий, Кьардэнгъущl Зырамыку, IутIыж Борис, артистхэу Тlыхъужь Алий, Дыщэкl КIунэ сымэ, нэгъуэщl куэдми я цlэхэр къыжаIащ.

ЗэIущlэм щытепсэлъыхьащ мыбыхэм ящыщ дэтхэнэми адыгэ лъэпкъыр дунейпсо утыкум зэрыщагъэлъапIа щlыкlэм: хэт щIэныгъэкlэ, хэт спорткlэ, хэт щэнхабзэкlэ. Абыхэм псоми зы къалэнщ ягъэзэщlар - «адыгэщ» жраГъэIащ, апхуэдэ лъэпкъ зэрыщыIэр зымыщlэ куэдым фIы и лъэныкъуэкlэ къраГъэщlащ, къраГъэхъуэпсащ.

Адыгэ уэзщlакlуэ Нэгумэ Шорэ хъуэпсапIэ нэхъ ин дыдэу иIар лъэпкъыр и щlэныгъэкlэ дуней псом щызрыIуэ щыхъунырт. Мы гупым ар яГъэзэщlауэ жыпIэ хъунущ.

Еджакlуэхэр пшыхьым къыщеджащ Джэдгъэф Борис и «Си адыгэ напэ», Шорэ Ахьмэд и «Налшык», «Си пшыналъэу лъэпкъ лIыхъужь», «Уэ уадыгэу укъыщигъэщlакlэ», Афlэунэ Лиуан «Зэ уадыгэну сыт и уасэ», Бемырзэ Мухьэдин «Уадыгэным къикIыр» усэхэм.

КъекlуэлIэхэм иджыри зэ фIыщlэ хуащlыжри, зэIущlэр кьафэ дахэкlэ зэхуащlыжащ.

ИСЛЪАМ Нащхьуэ.

Бесчокъуэ Майе цIыхубэм я гукъыдэжым хегъахъуэ

● Гъуазджэ

КъБР-м и цlыхубэ артисткlэ, Музыкlэ театрым и уэрэджыIакlуэ Бесчокъуэ Майе илъэс зыбжанэ хъуауэ утыкур егъэбжьыфIэ, цlыхубэм я гукъыдэжым хигъахъуэрэ дэрэжэгъуэ яриту.

Бесчокъуэ Майе Мусэбий и пхъур Лэскэн щIыналъэм хыхьэ Хьэтуей (Старэ Урыху) къуажэм 1951 гъэм гъатхэпэм и 10-м къыщалъхуащ. Къуажэ школыр кьиурэ, япэщlыкlэ культпросвет училищэм, иужькlэ Ленинград дэт консерваторэм щеджащ. ЕхъулIэныгъэхэр иIэу Бесчокъуэм оперэ спектакль, классикэ ореттэ 50-м щIигъуи роль нэхъыщхьэхэр щигъэзэщlащ. Апхуэдэхэщ «Кармен», «Травиата», «Сильва», «Евгений Онегин», «Марица» спектаклхэр, нэгъуэщlхэри. Цlыхухэм гукъыдэж, дэрэжэгъуэ езыт и макъ дахэм зымащlкlи хэмыщlауэ ноби и зэфIэкI къигъэлъагъуэу Бесчокъуэр мэлажьэ.

- Ленинград дэт консерваторэр 1979 гъэм къэзэхыу къыхэзрыгъэзэжкрэ Мэрш-шэнкъул Iэдэмрэ Бесчокъуэ Майерэ соцIыху. Майе къыщIуха гъэм сэ а еджапIэм сыщIэтIысхащ. КъБР-м и Музыкэ театрым илъэситхукlэ ар щылэжьауэ сэ къэзгъэзэжакlэ. Зэрытщlэщи, дуней псом и оперэ нэхъ гугъу дыдэхэм ящыщу къалъытэ Бизе Жорж и «Кармен» оперэр. А лэжьыгъэр 1980 гъэм накъыгъэм и 7-м Майерэ сэрэ япэу утыку къитхащ, лIыхъужь нэхъыщlхьэхэм я роль хэр зэдэдгъэзащlу. Кавказ Ищхъэрэм щылажьэ театрэхэм къапщтэмэ, ар япэу къызэхъулIар ди Музыкэ театрыщ, жеIэ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Шэджыхьэщlэ Аслъэнбий.

Лэжьэн зэрыщlидзэу, макъыфI зэриIэр къалъытэурэ Бесчокъуэм роль нэхъыщlхьэхэр къыхуагъэфэщащ. Япэ дыдэу зыхэта «Сильва» опереттэм Сильвэ ейр щигъэззэщlащ. Къыкlэлъыкlуэу «Белоснежка» спектаклым КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Мэршэнкъул Iэдэм пащтыхьыкъуэу, Майе Белоснежкэу щыздэджэгуащ. Артисткэ Iэзэм ищlа лэжьыгъэхэр къызэщlэпкъуэжмэ, Музыкэ театрым щагъэува лэжьыгъэ 50-м нэблагъэм щыджэгуащ. Абыхэм ящыщу 15-м роль нэхъыщlхьэхэр щигъэззэщlащ. Нэхъ игу къинэжакъэм ящыщщ «Мадинэ», «Дахэнагъуэ», «Къамботрэ Лацэрэ», «Кармен» оперэхэр. «Кармен», «Травиата» оперэхэр уафэмрэ щIылъэмрэ хуэдэу зэпэжьыжьми, нэгъуэщlым зэримыхъужьыкlыу илъэс зыбжанэкlэ абыхэм щыджэгуащ. Нобэр къызэдэсым ахэр цlыхухэм ягу къинэжащ.

Нэхъапэуэкlэ «Мадинэ» оперэр щагъэувам Майе Мадинэу джэгуащ. Илъэс зы-тIукlэ узэIэбэкlыжмэ, ар щIэрыщlэу утыку къыщхьэхьэм, абы Мадинэ и анэм и ролыр игъэззэщlащ.

- Адыгэр дызэрыгушхуэ апхуэдэ лэжьыгъэхэр ди куэдкlым. Оперищ диIэу араущи, ахэр тхъумэну, зэлымыууэ сценэм щыдгъэлъэгъуэну ди къалэнщ. Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэ псом апхуэдэ лэжьыгъэ зиIэ нэгъуэщl лъэпкъ искъым. Схуэзэфlэкlамэ, адыгэ оперэхэр, спектаклхэр зэпымыууэ утыку къисхьэнт, - жеIэ Бесчокъуэ Майе.

Абы Кавказ Ищхъэрэм Гъуазджэхэмкlэ и къралъ институтым щэнхабзэмрэ гъуазджэхэмкlэ и колледжми щрегъаджэ. Классикэ макъамэр фIыуэ зыльагъуэр макъамэм, уэрэд жыIэным, утыку итыным я щэхухэм хегъэгъуазэ. Абыхэм хэт артист, режиссёр, уэрэджыIакlуэ куэд къахэкlащ.

ТЕКlУЖЬ Заретэ.

Профессор **Абыкъу ФатIимэ** (Тыркумэн)

Профессор **Абыкъу Лейлэ** (Москва)

Иордан сурэтыщI **Хьэгъундокъуэ Муккарэм**

Совет Союзым и Лыхъужь **Андырхъуей Хъусен** (Адыгей)

Совет Союзым и Лыхъужь **Къардэн Мурат**

Iуащхьэмахуэ япэ дыдэу дэкIа **Хьэшыр Чылар**

Къэбэрдей узэщlакlуэ **Бжьыхьэлl Лиуан** (XV n.l.)

Сурэтыщl Iэзэ **Хьутат Пынар** (Тырку)

НАРТОКЪУЭ Анжелэ:

Сыщыпсэур сыщытхэм дежщ

● Щiэблэ

ГуГъэфIхэр уагъэщIу иужьрей зэманым лъэпкъ литературэм кьыхэбзкъуа щIэблэм ящыщ тхакIуэ ныбжьыщIэ Нартокъуэ Анжелэ. Ар яхэтащ Хьэх Сэфарбий и унафэщIу КЪБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм щылажьэу щыта «Шыхулъагъуэ» литературэ хасэм екIуалIэхэм. Кэзд щыгъуазэщ а хасэр илъэс тIощIым щIигъукIэ лъэпкъ литературэм зэрыхуэлэжьам. Абы щагъэса кэздым иджыпсту тхакIуэщIэр яхуэфащэ дыдэу зэрахьэ, языныкъуэхэр журналистикэм жыджэру хэтщ.

Нартокъуэ Анжелэ Бахъсэн щIыналъэм хихьэ Дыгулыбгъуей къуажэм къыщалъхуащ. Курыт еджапIэр кьиуха иужькIэ егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр колледжым щIэтIысхьащ. Ар 2005 гъэм Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм зэрытащ.

Анжелэ тхэн зэрыщIидзэрэ илъэсипщым щIигъуащ. Абы и Iэдакъэщ1экIхэр ди республикэм къыщыдэкI газет, журнал зэмылIэужьыгъуэхэм щIэх-щIэхыурэ къытрадзэ. «Шыхулъагъуэм» хэтхэм зэгъусэу къыдагъэкIа «Къудамэщ1э» (2009 гъэ), «Шыхулъагъуэм и вагъуэхэр» (2011 гъэ) тхылъхэм ярытщ и тхыгъэ зыбжанэ. 2013 гъэр тхакIуэ ныбжьыщIэм хуэфIащ - «Льагъуныгъэм и къару» фIэщыгъуэм щIэту абы и япэ тхылъыр «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ. «Жьыгъэм и Iэфы-гъэ», «Льагъуныгъэм и гуэныхь», «Псэ псори зэныбжьыь», «Гум и льагъуэ» рассказхэмкIэ щIэджыкIакIуэм я пащхьэ ихьа Анжелэ а лабакъуэр хуэмэхуащ. Пащащ ныбжьыщIэм и псэ хуабагъыр щызыхэпщIэ тхыгъэхэм удахьэх, ахэр анэдэльхубзэкIэ тхауэ дэ дыззса адыгэ рассказ гъэпсыкIэм зэремыщхьым щIэщыгъуэ пащащI. ГъащIэм кьыхэха сюжетхэм кэздрэ зыкъыщыбоцIыхуж, бзэр зэрытынышм еджэгуафIэ ещI. ТхакIуэм и гъащIэр гъэщIэгъуэнмэ, и Iэдакъэщ1экIхэри щIэщыгъуэ хъуэ жаIэ. Анжелэ и тхыгъэхмкIэ ар гупсысэ куу зиIэ цIыхуу зэрыщытыр къэплъагъуну гуГъуэгъкым.

ТхакIуэ ныбжьыщIэр нэхъ гъунэгъуу фэдгъэцIыхумэ ди гуапэу упщIэ зыбжанэкIэ иджыблагъэ зыхуэдгъэзащ:

- Анжелэ, уадыгэныр сыт уи дежкIэ?

- Уадыгэныр си дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэщ. Адыгэбзэ пIырылъ, адыгэлъ пщIэт къудейкIэ зэфIэкIыркъым, адыгэу зыкъэзылытэжь дэтхэнэми лъэпкъым и пщIэр тIыгъыу, адэжьхэм къытхуагъэна хабзэ дахэр тхэлъу, абы ди щIэблэр щэтпыкIыу дыпсэумэщ адыгэ нэсдыщыхъунур. Си анэр япэу къызэрызэпсэлъа бзэм, си лъэр япэу зытеуба щIылъэм пэсщIын щIыIэкъым. Гушхуэныгъэ мыкIуэщI къысжьелъэж ди лъэпкъым и щIыIебйм. Сэ сызэрелпIэмкIэ, дыщыадыгэкIэ, дыщымуслъымэкIэ, псом япэу цIыхугъэрэ адыгагъэрэ тхэлъын хуейщ. А зи гугъу сщIыхэм сытету сыпсэуныр, схузэфIэкI мащIэмкIэ лъэпкъым зыщIэзгъэкъуэныр насыпышхуэу кьызолъытэ.

- Утхэну гукъыдэж сытым къуитрэ?

- ФIэщхъуныгъэмрэ лъагъуныгъэмрэщ си дэIепыкъуэгъу нэхъыщхьэр. Ахэращ си тхыгъэхэми я купщIэр. Сэ хъуэпсапIэ щхэуу сиIэщ дунейм мамырыгъэр щытепщэу, цIыхухэм яку лъагъуныгъэрэ зэхэщIыкIэр дэлъу псэуныр. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, цIыхухэм я цIыхубзыгъэ ягу иль гурыщIэ къабзэмрэ кIуэ пэтми нэхъ щыкуIытэ щащ курыт еджапIэхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэс щIалэгъуалэм я узыншагъэм гулъытэ хурагъэщIыным, фадэмрэ наркотикымрэ зыдрамыгъэхьэхьным теухуа зэIуцIэ щхьэпэхэр зэрыддагъэкIуэкIыр, фадафэхэмрэ наркоманхэмрэ и чэзум дэIепыкъуныгъэ псынщIэ кьыхураджэн зэрыхуейм зэрыхагъэгъуэзэр. Абы зэхьыхэм хэтхэм къахуихьащ фадэмрэ наркотикымрэ итхьэкъуэм я гъащIэр, я унагъуэхэр зэрызэтекъутэм, иужьрей зэманым щIалэгъуалэ куэд абы зэрытекIуадэм, языныкъуэ адэ-анэ фадафэхэмрэ наркоманхэмрэ я бынхэри абыхэм я лъэужьым зэрырикIуэм, нэхъыкIэжращи, апхуэдэхэм я щIэблэм фадэрэ наркотикрэ зрахьэлIэныр я лъым хэту, абы хуэлъэу кьыззрытаджьым теухуа щапхъэ шынагъуэхэр.

Библиотекэм и лэжьакIуэхэм тхылъэхэмрэ журналхэм ихуа тхыгъэхэмрэ я тегъэщIапIэу, кIрихьэлIа щIалэгъуалэр хагъэгъуэзащ я узыншагъэр зэрагъэбыдэну, зэрыраргъэфIэкIуэну щIыкIэм.

ЗэIуцIэм ирагъэблэгъащ «Дохутыр-волонтёрхэр» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм щIыналъэм щIиIэ координатор **Щоджэн Уэсмэн**, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щIалэгъуалэ гвардие» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щIыналъэ хуэдамэм и унафэщIым и къуэдзэ **Созаев Кязим** сымэ, кьалэм и курыт еджапIэхэм я еджакIуэхэр, студентхэр, волонтёрхэр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр
Къарей Элинэ *трихащ.*

Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхъэ Лъэпкъ къэрал библиотекэм щекIуэкIащ «В трезвости - счастье народа» зэхьхьэр. Ар къызэрагъэпэщащ Iуэхущ1апIэм медицинэмкIэ и къудамэмрэ КЪБР-м Узыншагъэр хуэмэныкIэ и министерствэм медицинэ профилактикэмкIэ и центрымрэ я лэжьакIуэхэм.

ЗэIуцIэр къыззэгъэпэщащ я мурадыр зыхуэунэтIар цIыху Iэпкъльэпкъым фадэр зэран зэрыхуэхъум иджыри зэ гулъытэ хурагъэщIынырщ. Ар щекIуэкI пэшым щагъэуват гъащIэ узыншэм укъыхуеящ. Iэхуэхьэсэ тхылъ дапхъэхэр. Зэхьыхьэм къырихьэлIахэм хуагъэшащ фадэм кьишэ зэранигъэхэр щэзыIуатэ тхыгъэхэр зытет тхылъымпIэхэр.

Урысейм и иджырей Iуэху зэIумыбэхэм фадафэр зэрыщыщыр, цIыху акъылыдфIэхэмрэ узыншэхэмрэ кIуэ пэтми нэхъ мащIэ зэрыхъур, лIэхэм я бжигъэм зэрыхэхъуэм зэригъэгъуэвэр щыжкIащ зэхуэсым.

Налшык кьалэм и Урыс чристэн члисэм и лIыкIуэ, протоиерей **Васин Олег** къырихьэлIахэр кьыхурыджащ я благъэжэр, Iыхьлыхэр, гъунэгъуэхэр, ныбжьэгъуэр фадэмрэ наркотикымрэ зыдрамыгъэхьэхьныкIэ, абыхэм пэIещIэ защIыныкIэ ядэIепыкъуну.

- УФ-м щагъэкIуэкIа медицинэ къэхутэныгъэхэм кьрикIуахэм ятепщIыхьмэ, фадэм узыфэ лIэужьыгъуэу 170-м нэблагъэ къыхокI. ЦIыхухэм я узыншагъэм зэрегъауэм кьыдэкIуэу абы икIи зэранигъэ куэд кьешэ. Адэ-анэр фадэм щыдихьэха унагъуэхэм я процент 50-р зэтохъутэ, сабий зеиншэхэм я бжыгъэм хохъуэ, абы итхьэкъупэ языныкъуэхэр йолIыкI, - жиIащ КъБР-м Узыншагъэр хуэмэныкIэ и министерствэм медицинэ профилактикэмкIэ и центрым и унафэщI **Хьэтихьу Мадинэ**.

КъБР-м Узыншагъэр хуэмэныкIэ и министерствэм медицинэ профилактикэмкIэ и центрым и дохутыр, нарколог-психиатр **ПащIэ Артур** и псалъэм къыхигъэщащ курыт еджапIэхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэс щIалэгъуалэм я узыншагъэм гулъытэ хурагъэщIыным, фадэмрэ наркотикымрэ зыдрамыгъэхьэхьным теухуа зэIуцIэ щхьэпэхэр зэрыддагъэкIуэкIыр, фадафэхэмрэ наркоманхэмрэ и чэзум дэIепыкъуныгъэ псынщIэ къыхураджэн зэрыхуейм зэрыхагъэгъуэзэр. Абы зэхьыхэм хэтхэм къахуихьащ фадэмрэ наркотикымрэ итхьэкъуэм я гъащIэр, я унагъуэхэр зэрызэтекъутэм, иужьрей зэманым щIалэгъуалэ куэд абы зэрытекIуадэм, языныкъуэ адэ-анэ фадафэхэмрэ наркоманхэмрэ я бынхэри абыхэм я лъэужьым зэрырикIуэм, нэхъыкIэжращи, апхуэдэхэм я щIэблэм фадэрэ наркотикрэ зрахьэлIэныр я лъым хэту, абы хуэлъэу кьыззрытаджьым теухуа щапхъэ шынагъуэхэр.

Библиотекэм и лэжьакIуэхэм тхылъэхэмрэ журналхэм ихуа тхыгъэхэмрэ я тегъэщIапIэу, кьрихьэлIа щIалэгъуалэр хагъэгъуэзащ я узыншагъэр зэрагъэбыдэну, зэрыраргъэфIэкIуэну щIыкIэм.

Зэ1уцIэм ирагъэблэгъащ «Дохутыр-волонтёрхэр» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм щIыналъэм щIиIэ координатор **Щоджэн Уэсмэн**, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щIалэгъуалэ гвардие» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щIыналъэ хуэдамэм и къуэдзэ **Созаев Кязим** сымэ, кьалэм и курыт еджапIэхэм я еджакIуэхэр, студентхэр, волонтёрхэр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр
Къарей Элинэ *трихащ.*

Ещтрэч Мурат сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэщ

Бахъсэн щIыналъэ сымаджэщым и унафэщIыр къыхэхыным теухуауэ екIуэкIа конкурсым пхыкIри, дохутыр нэхъыщхьэу ягъэуващ Ещтрэч Мурат СультIан и къуэр.

ЕщIтрэЧ Мурат медицинэ щIэныгъэхэм я кандидатщ. Абы хирургыгу лэжьэн щыщIидзащ Москва дэт, Урысей къэрал медицинэ университетым и клиникэ ординатурэм. «Хирургие», «Ультразвуковая диагностика», «Организация здравоохранения и общественное здоровье» унэтIыныгъэхэмкIэ и щIэныгъэм хигъэхъуащ.

Москва кьалэ дэт, Филатовым и цIэр зезыхьэ кьалэ клиникэ сымаджэщ №15-м хирургыгу, ультразвук диагностикэмкIэ дохутыру щылэжьащ 2009 - 2017 гъэхэм. 2014 гъэм щегъэжьауэ 2017 гъэ пщIондэ Пироговым и цIэр зезыхьэ Урысей къэрал медицинэ университетым госпитальэ хирургиемкIэ и кафедрэм и ассистенту щытащ.

Узыншагъэр хуэмэн Iэнатlэм пыщIа Iуэхугъэм фIыуэ щыгъуазэщ, илъэситхукIэ унафэщI къулыкъу ирихьэкIащ.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

Бгы-лыжэ лъэхъэнэщIэм хуагъэхьэзыр

Iуащхьэмахуэ турист-рекреацэ комплексым къыкIэлъыкIуэ лъэхъэнэм зыхуэгъэхьэзырым щIадзащ. ЗыгъэпсэупIэр зыгъэлажьэ Iэнатlэхэр яужь ихьащ лъэс кьэс ирагъэкIуэкI. «Мир» станцым къыщыщIэдзауэ «Гара-Баши» станцым нэс ирикIуэ кIапсэ гъуэгум ехьэлIа профилактикэ лэжьыгъэхэм. А зэманым къриубыдэу зыплъыхьакIуэхэм папщIэ гъуэгур зэхуэщIауэ щытынущ.

КАВКАЗ Ищхъэрэм и курортхэр АО-м къызэрыщыхагъэщамкIэ, метр 3847-м нэс цIыхухэр дэзыш кIапсэ гъуэгур адрейхэм зэрефIэкIыр и лъагагъым и закъэкъым. Ар яку къудиящ геологие щытыкIэ гугъур кьэлъытауэ. Iуащхьэмахуэр вулкан жейуэ, икIи абы кьыхэкIыу кIапсэхэр щаукъудиим кьалъытащ щIыр хьеймэ абы зэран хуэмыхъун щхьэкIэ пщIэн хуейкэр. КъищынэмыщIауэ, кIапсэ гъуэгум и лъабжьэ «Мир» станцым пэмыжыжьэу кьехьу щытащ бгы мылыIуэр. Иджыпсту мылыр ищхьэкIэ дэкIуэтеящ, ауэ ар а щIыпIэм зэрыщыIар кьыбощIэ абы и лъабжьэр сытым дежи щтауэ зэрыщытымкIэ.

Абы кьыхэкIыу, гъэмахуэ лъэхъэнэм, дунейм щыуэфIым ирихьэлIэу, курортыр зыгъэлажьэ Iэнатlэхэм геологие, геодезие кьэпщытэныгъэхэр щIэныгъэм щрагъэкIуэкI. Iэщ1агъэлIэхэм щыгъуазэ защI щIым и зэхэлъыкIэм, мыл ткIуэхэм кьащIэж псыхэм я куэдагъыирэ абыхэм здауэнтI лъагъуэхэмрэ зрагъащIэ, псыр зрижэн гъуэгу хэхахэр датхэу. Зи гугъу тщIа Iуэхугъэхэм я фIыгъэкIэ, кIапсэ гъуэгур зэрызэпэщIыр икIи и бидагъым щэч кьыщIытепхьэн зэрыщымыIэр наIуэ мэхъу.

2017 - 2018 бгы-лыжэ лъэхъэнэм зэрызыхуагъэхьэзырым хиубыдэу Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр АО-мрэ «Iуащхьэмахуэ курорт» АО-мрэ мыгувэу щIадзэнущ иджыри зы бгы-лыжэ лъагъуэ укъэдиниым. И гугъуэгъым елъытауэ ар «плъыжь» лIэужьыгъуэм хабжэнущ. ПэщIэдзэ проектым кьыззрыщыгъэлъэгъуамкIэ, Малый Азаурэ Гара-Баши мылыльэхэмрэ я зэхуаку дэлъ лъагъуэр ищхьэмкIэ тIууэ зэгуэкIынущ, метр 25-рэ метр 40-рэ я бгъуагъэщ, адэкIэ тIури зы кьехьэлIэм зуэкIуэкынущ. Гъэгум и кIыхьагъыу щытынущ метр 2300-м щIигъу.

«Гара-Баши - Мир» щыпIэм бгъуэрыту кьехьэну лъагъуэщIэр хуэщхьэпэнущ щыIэ гъуэгум ирижэхэр зэтримыхьэнымкIэ икIи Европэм щынэхь лъагэ дыдэ бгы-лыжэ лъагъуэм кьыщыжьхьынущ нэхъ гъэщIэгъуэн, зэмылIэужьыгъуэ хуэныкIэ. Спортыр зыфIэфхэр сноубордкIэ, бгы лыжэкIэ кьежьэнымэ и мызакъуэу, трассэм щекIуэкIынущ бгы-лыжэ спортымкIэ командэ кьыхэхахэм я зыгъэсэныгъэхэр, урысейпсо, щIыналъэ зэхьэзэхуэхэр.

Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр АО-м и инвестицэ программэм тету, 2017 гъэм къриубыдэу «Iуащхьэмахуэ» турист рекреацэ комплексым и зыужьыныгъэм хуаутIыпщынущ сом мелуан 220-м нэблагъэ.

КЪЭХЪУН Бэч.

Иужьрей зэхъуэкIынытъэхэм ехъулIэныгъэ къытхуахь

● Футбол

«Спартак-Налшык» (Налшык) - СКА (Дон Iус Ростов) - 3:0 (0:0). Налшык, «Спартак» стадион. ФокIадэм и 16-м. ЦIыху 600 еплъащ.

Судьяхэр Смирнов (Мэзкуу), Даниленкэ (Волгоград), Жолобов (Волжский).

«**Спартак-Налшык**»: Щоджэн, Жьылэ, Муслуев, Шахтиев, Абазэ, Магомадов (Миронов, 66), Ахриев (Ашуев, 66), Медников (Мэшыкъуэ, 68), Пащты, Гугуев (Михайленкэ, 60), Илуп (Алиев, 77).

СКА: Солдатенкэ, Хинчагов, Казаченкэ, Фёдоров, Мироник (Шаловалов, 63), Богатырев, Абациев, Сосранов, Арлашин (Юшко, 72), Боков (Караев, 62), Шумилин.

Топхэр дагъэкIащ: Ахриевым, 55 (1:0). Мэшыкъуэм, 80 (2:0). Мэшыкъуэм, 88 (3:0).

Дагъуэ кьыхуащIащ Абациевымрэ Шаповаловымрэ.

Джэгум кьыхахуащ Шаповаловыр.

БИДЖИЕВ Хьэсэнбий Курск и «Авангард»-м зэрыкIуам кьыхэкIыу тренер нэхъыщхьэ имыIэжу пIалъэкIэ къэна «Спартак-Налшыкым» иужьрей джэгуГъуихым зэкIэлъхьэужьу зыми зэрытемыкIуэфар щэбэт кIуам иригъэкъужащ. Абы бжыгъэшхэкIэ хигъэщIащ пашэхэм яхьхьэну ерыщу хущIэкъу Дон Iус Ростов и СКА командэр.

ЗэрытемыкIуэфым кьищынэмыщIауэ, налшыкдэсхэм иужьрей джэгуГъуитIым зы топи я хьэрхуэрэгъуэхэм худагъэкIыфатэкъым. Ар ягъэзэкIуэжыну щIэхэгъуэпсу хагъэрейхэр занщIэу иПэкIэ кIуэтащ. Ди щIалэхэр жант, Iэкlуэльэкlуэт икIи СКА-м и футболистхэр абыхэм ягъэпIейтей зэпытт. Хьэщ1эхэм апхуэдэ тхъуэзэныгъэр зэрахуэшэчар сыхьэт иримыкIуа бжыгъэкIащ.

55-нэ дакъикъэм кьыIэрыхьа топымАхриев Хьэсэн и къару кьызэрихькIэ еуащ. Ростовдэсхэм я гъуащхьэтет Солдатенкэ Ростислав и зэфIэкI псори кьызыкIуахьа пэтми, абы кьригъэгъэзэфакъым.

Бжьыгъэр кьызэIуха зэрыхьуам «Спартак-Налшыкыр» нэхъри тригъэгъуэщащ. Псом хуэмыдэу убыдыгъуейт Мэшыкъуэ Хьэчим. ЯпэщIыкIэ ар и закъуэу гъуэм бгъэдыхьэри, бжьыгъэр игъэбгъуащ. КъыкIэлъыкIуэу, уафэхъуэпскIыу СКА-м и штрафнойм ильадэщ, лъэщу топым еуэри, Iуэхур 3:0-м нигъэсащ.

Мазэм щIигъуауэ зыпэпльа текIуэныгъэр «Спартак-Налшыкым» дахэу зыIэригъэхьащ. Псалъэм къыдэкIуэу кьыхэдгъэщынщи, Биджиев Хьэсэнбий и япэ зэIуцIэр Курск къыщыдэкъулIэщ1акъым - а махуэ дыдэм абы и гъэсэнхэр Волгоград икIа «Ротор»-м пэлъэщакъым (0:0).

ЕбгъуанэджэгуГъуэ махуэм иужькIэ УФ-м футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщ» гупым зэхъэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Армавир»**	**8**	**7**	**0**	**1**	**16-4**	**21**
2.	«Краснодар-2»	8	6	0	2	18-6	18
3.	«IэфIыпс»	8	5	2	1	11-4	17
4.	«Биолог-Новокубанск»	9	5	2	2	12-8	17
5.	«Ангушт»	9	4	3	2	10-8	15
6.	«Чайка»	9	4	3	2	7-6	15
7.	**«Спартак-Налшык»**	**9**	**3**	**5**	**1**	**13-6**	**14**
8.	СКА	9	4	2	3	15-13	14
9.	«Анжи-2»	7	3	2	2	13-9	11
10.	«Легион Динамо»	9	3	2	4	11-12	11
11.	«Дружба»	8	3	1	3	8-12	10
12.	«Спартак-Владикавказ»	9	2	2	5	7-10	8
13.	«Черноморец»	8	2	2	4	4-9	8
14.	«Мэшыкъуэ-КМВ»	8	2	1	5	6-9	7
15.	«Академия»	8	1	3	4	5-15	6
16.	«Динамо-Ставрополь»	7	0	2	5	11-21	2
17.	«Кубань-2»	7	0	0	7	6-21	0

Гъуэгухэр зэрагъэпэщыж

Налшык и гъуэгухэр зэгъэпэщыжыным пыщIа лэжьыгъэхэм пащ.

ИДЖЫПСТУ яужь итщ Нэгумэм и уэрамым, Лениным и цIэр зезыхь проспектымрэ Щоджэнщ1ыкIым еймрэ я гъуэгу зэхэкIыпIэхэм хуэзэ и Iыхьэр зыхуэй хуэгъэзэным. Абы кьыхэкIыу гъуэгуанэ зэгухьэныгъэм иризекIуэну пIалъэкIэ яIэнур гъуэгум и зы лъэныкъуэрщ.

Мыпхуэдэ лэжьыгъэхэр щокIуэкI Шэрийм, ПащIэм я уэрамхэми. Ремонтыр зэфIэкIыху мы уэрамхэми транспортыр щызекIуэнур лъэныкъуитIым я зырщ.

Гъуэгухэр зыхуэй хуэгъэзэным екъэлIа лэжьыгъэхэр щызэфIэкащ Кировымрэ Ленинымрэ я уэрамхэмэ. Иджыпсту а щIыпIэхэм гъуэгу дамыгъэхэр щытращIэ, зыхуеину гъуэгугъэльагъуэхэр щагъэув.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» редакцэм кIэзонэ Iуэхущ1апIэм, «Къэбардиер-Балъкъэр» ВТК-м, КъБР-м и Жылагъэлистхэм я зэгухьэныгъэм, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман+», «Горянка», «Советская молодежь» газетхэм, «Литературная-Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Налшык» ОТРК-м, ВГТРК-м и «Къэбардей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпаниемрэ, «КъБР-информ» хъыбарегъащIэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм, «Тетраграф» ООО-м я коллективэр «Къэбардей-Балъкъэр» ВТК-м и лэжьакIуэ **ХьэцIыкIу Iэхьед Мухьэмэд и къуэм** хуогузавэ абы и щхьэгъусэ **ХьэцIыкIу Елизаветэ Азрэт и пхъур** дунейм зэрехьажам къыхэкIыу.

Ди газетым и къыкIэльыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур фокIадэм и 22-рщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Мариэт (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Мариэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщ1эныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэ.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КъыдэзыгъэкIэжмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редакторэ нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; эдэлэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхъыныр и пщ1э дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъуэмэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редакторыу* **ЖьэкIэмыхъу Мариэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэлэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* **Доа Мариэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанизэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тридзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.507 ● Заказ №1179